

Paran lang diferan : Kijan pou devlope bilingis kay timoun?

- > Devlopman lang kay timoun ki ekspoze a de lang oswa plis
- > Nouvo arivan ak aprantisaj franse
- > Faktè ki enflyanse aprantisaj plis ke yon lang
- > Kijan pou ede yon timoun aprann yon nouvo lang?
- > Ki lè pou nou enkyete nou?
- > Pou sonje

Nou souvan tande y ap di ke timoun yo tankou eponj e ke yo ka aprann fasilman nenpòt lang lè yo piti. Sa a se vre, depi yo ekspoze souvan nan divès kontèks e ke yo motive pou yo aprann yon lòt lang.

Devlopman lang kay timoun ki ekspoze a de lang oswa plis

Peryòd lekòl matènèl lan ideyal pou aprantisaj lang akòz kapasite adaptasyon sèvo timoun piti yo. Anplis de sa, **timoun nan ti laj yo pi fasil distenge son diferan lang nan anviwònman yo**. Sa pèmèt yo pale yon lang san aksan.

Sepandan, gen kèk paran ki pè pou aprantisaj plis pase yon lang pa lakòz yon pwoblèm langaj kay pitit yo. Se pa yon pwoblèm. **Dènye etid yo montre ke aprann de lang oswa plis pa lakòz pwoblèm langaj** epi sa pa agrave difikilte langaj kay timoun ki gen pwoblèm sa tou.

Kidonk, yon timoun ki souvan ekspoze ak de lang oswa plis depi nesans li ta dwe di premye mo li anviwon sou 1 an li epi fè konbinezon mo (egzanp: "balon tonbe") ant 18 ak 24 mwa. Menm jan an tou, yon timoun ki gen 5 an ki byen ekspoze a de lang oswa plis ap gen yon devlopman langaj ki sanble ak timoun ki pale sèlman yon lang.

Detay sou aprantisaj plis pase yon lang

Li nòmal pou yon timoun ki pale de lang oswa plis pa gen **menm fòs nan yo chak**. Pa egzanp, li ka fè fraz pi byen konstwi nan yon lang epi itilize yon vokabilè pi presi nan lòt lang lan. Menm jan an tou, li ka konnen vokabilè emosyon yo nan lang li pale lakay li an ak nan lang li pale nan nan gadri a.

Sak pi enpòtan an se pou **konsidere tout fraz ak mo ki pwodwi nan de lang yo**. Se konsa n ap ka evalye si devlopman langaj yon timoun bileng nòmal, se pa nan evalye konpetans lang li nan yon sèl lang.

Anplis de sa, **gen yon lè lang ki pi byen metrize an ka varye epi chanje** selon kontèks timoun lan itilize li, ak selon moun li adrese li. Konsa, li ka pi byen itilize ak metrize yon lang ke yon lòt pandan yon sèten peryòd nan lavi li (egzanp.: lang lakay li a 4 an) epi vin pi bon nan dezyèm lang lan pandan yon lòt peryòd (egzanp.: nan 2^{zyèm} ane lekòl primè).

Sa ka rive tou **timoun nan melanje de lang yo nan yon fraz lè li pa konnen mo l ap chèche a** nan lòt lang lan. Sa a se yon fenomèn nòmal ki rive tou kay granmoun bileng yo. Kidonk, li pa nesèsè pou nou enkyete.

Nouvo arivan ak aprantisaj franse

Sa ki pi enpòtan pou ankouraje devlopman lang kay timoun se pale ak yo chak jou. **Pou imigran ki paran yo, li pi bon pou yo pale ak pitit yo nan lang matènèl yo.** Konsa, y ap gen plis tandans pou yo pale ak pitit yo. Anplis de sa, plis timoun lan metrize lang yo pale lakay li, plis l ap fasil pou li aprann yon lòt lang.

Si li ale nan yon gadri yo pale franse, timon lan pral wè byen vit ke edikatè yo ak lòt timoun yo pa konprann li lè lap pale nan lang matènèl li. **Sa ka rive, nan kòmansman, li pa pale anpil** oswa yon ti kras pandan yon ti tan kout.

Li pral kòmanse konprann mo yo, apres a fraz li tandè yo. Pou yo ka konprann li, li pral itilize jès, apres a mo. Ti kras pa ti kras, li pral kapab fè fraz kout, menm si yo pa byen fèt kèk fwa.

An jeneral, yon timoun **kapab gen yon konvèsasyon tankou yon timoun nan laj li apre 1 a 3 ane ekspozisyon regilye** epi divèsifye nan nouvo lang lan. Yo obsève menm bagay lan lè yon timoun **ale lekòl** san li pa pale franse.

Yon baz solid nan lang matènèl li ap ede timoun nan pi byen metrize lang li aprann nan gadri oswa nan lekòl lan.

Faktè ki enfliyanse aprantisaj plis ke yon lang

Plizyè faktè enfliyanse aprantisaj diferan lang ak chwa lang timoun nan pale : **la, tan ekspozisyon ak lang yo, estati lang sa yo nan peyi adopsyon an,** elatriye.

Sepandan, kèlkeswa kontèks ak anviwònman kote timoun nan ap grandi, **li enpòtan pou paran yo demontre yon santiman fyète epi adopte yon atitud pozitif** pa rapò ak itilizasyon lang sa yo. Konsa, timoun nan ap plis vle aprann yo.

Men tou, fok nou sonje tou ke timoun bileng yo se timoun avan tou, avèk pwòp **pèsonalite,** bezwen ak preferans yo, e ke yo ka fè chwa yon lang pase yon lòt, malgre volonte pwòch yo.

Kijan pou ede yon timoun aprann yon nouvo lang?

Pou yon timoun ka pale byen nan de lang oswa plis, **li dwe tandè yo souvan epi li dwe gen opòtinite pou pale yo.** Nan kèk kominote, modèl aprantisaj sa yo fèt natirèlman si yo pale de lang yo nan menm nivo, oswa si timoun nan an kontak ak diferan moun nan fanmi l oswa **antouraj li** ki pale yo.

Li **preferab pou paran yo pa melanje lang yo nan yon menm fraz** lè y ap pale ak pitit yo, paske sa ka deranje aprantisaj lang minoritè a. Sepandan, melanj lang yo pa deranje devlopman global langaj.

Sepandan, lè yon timoun aprann pale franse nan lekòl, se byen nòmal ke li :

- melanje franse ak lang matènèl li lè l ap pale;
- pa vle itilize lang matènèl li nan kay la, paske li asosye lang franse an ak nouvo zanmi li yo e sa pèmèt li pa parèt diferan de lòt yo;
- vin mwen konpetan nan lang matènèl li si li pa pale l lakay li. Kidonk li ka, pandan yon ti tan, montre kèk feblès nan kapasite li pou pale lang matènèl li ak franse;
- fè plizyè erè gramè.

Lè youn nan de paran yo pale yon lang minoritè

Si youn nan paran yo pale franse epi lòt la, yon lang minoritè, li **enpòtan pou miltipliye okazyon kote timoun nan ekspoze a lang minoritè a**. Adopte yon atitud pozitif pou lang sa a nesèsè pou ankouraje aprantisaj li, paske timoun piti an ap konprann byen bonè ke yo pa itilize youn nan lang li yo andeyò de lakay li. Etan done ke li natirèlman plis ekspoze a lang majoritè a, timoun nan devlope kapasite li mwens pou li pale lang minoritè a. Sa a ka pèmèt li konprann li, men li pap ka pale li.

Li **posib pou yon timoun aprann li ak ekri an franse menm jan ak yon lòt lang**. Pou ede l nan aprantisaj li, li enpòtan pou byen fèl wè diferans ki genyen ant de lang yo. Pa egzanp, pou yon timoun k ap aprann li ak ekri an franse ak arab, yo ka fè l konnen sans ekriti an diferan selon lang lan. An franse, yo li de gòch a dwat, pandan ke nan lang arab yo li de dwat a gòch..

Li istwa pou pitit ou nan diferan lang ki pale nan antouraj li se yon fason efikas ak amizan pou estimile langaj li.

Lè tou de paran yo pale franse

Lè franse se lang matènèl lan tou de paran yo, ankouraje bilingis mande yon sèten planifikasyon ak efò. Yo dwe lè sa a **dakò sou estrateji pou ankouraje pitit yo aprann yon lòt lang**. Pa egzanp, semèn nan pase an franse epi wikenn lan angle.

Sa rive ke timoun yo pa reponn nan lang lan ki espere a, paske yo pa gen mo oswa fraz ki nesèsè pou yo ekspriye yo. Lè sa rive, li **enpòtan pou di tinmoun lan modèl fraz ki te esperere an**. Pwochè fwa, li pral gen mo oswa fraz ki nesèsè pou l ekspriye tèt li nan lang sa a.

Ki sa yon lang minoritè ye?

Yon lang minoritè se yon lang ki itilize pa yon minorite moun nan yon sosyete, pandan ke yon lang majoritè se lang majorite a itilize. Gen yon varyete lang minoritè. Pa egzanp, nan Québec, angle ak tamoul se de lang minoritè, men nan diferan nivo. Yon pi gwo kominote itilize anlge a pase tamoul lan, sa ki fasilite aprantisaj lang sa a.

Konsèy pou ankouraje bilingis kay pitit ou

- ▶ **Pale ak piti ou nan lang matènèl ou.** Itilize li tou lè wap jwe ak li. Ou reprezante yon pi bon modèl pou li lè ou itilize lang ou metrize pi byen an. Sonje ke li preferab pou pale ak li nan lan matènèl ou ke w pa pale ak li ditou.
- ▶ **Devlope yon rezo sosyal** kote tou de lang yo itilize. Patisipe nan reyinyon amikal, evènman kominotè ak lòt aktivite ki reyini moun ki pale chak nan lang yo pèmèt pitit ou a pratike yo epi konprann ke tou de itil epi gen valè.
- ▶ **Asire w ke pitit ou gen yon baz solid byen bonè nan lang minoritè a** lè w enskri l, si posib, nan yon sèvis gadri kote yo itilize lang sa sèlman oswa se lang prensipal la.
- ▶ **Fè yon lis sèvis yo ofri yo nan lang minoritè a** (pa egzanp.: pwofesyonèl sante tankou doktè oswa dantis, bibliyotèk, sinema, sant kominotè), epi priyorize yo. Pou sa fèt, ou pral dwe fè yon planifikasyon alontèm epi petèt vwayaje distans ki pi long, men pitit ou an ap benefisye de efò sa yo.
- ▶ **Ekspoze pitit ou ak liv, fim, mizik, ak chèn televizyon oswa radyo** nan tou de lang yo. Aktivite sa yo pral ranfòse konpetans lang li ak apresyasyon li pou tou de kilti yo. Etan done ke li souvan difisil pou jwenn liv nan plizyè lang minoritè, pa ezite chwazi liv san tèks (oswa nan yon lòt lang) epi rakonte istwa a nan lang matènèl ou.
- ▶ **Vizite manm fanmi w** ki pale lang minoritè a oswa resevwa yo lakay ou. Vwayaj aletranje, oswa vizit manm fanmi lwen favorize aprantisaj lang sa tou.

Menm si kèk nan solisyon sa yo pa toujou posib, sa ki enpòtan an se favorize yon ekilib ant de lang yo pi vit ke posib.

Ki lè pou nou enkyete nou?

Si ou gen enpresyon ke pitit ou gen yon **reta langaj nan lang li te pi ekspoze a depi nesans li pa rapò ak timoun nan laj li**, konsilte yon espesyalis òtofonis.

Si pitit ou ap aprann yon nouvo lang nan gadri, pran yon randevou ak yon òtofonis **si li ekspri li yon ti kras oswa ou pa ditou apre plizyè mwa ekspozisyon** oswa si li sanble pa ka kominike byen ak moun nan antouraj li apre 2 ane ekspozisyon ak lang sa.

Sepandan, li pa **nesesè pou pale ak pitit ou nan yon sèl lang si li gen yon reta langaj**. Rechèch yo montre ke pale avèk li nan de lang pa ta dwe agrave difikilte l yo.

Pou sonje

- ▶ Aprann de lang oswa plis pa lakòz difikilte langaj epi li pa agrave li tou.
- ▶ Pou evalye devlopman langaj kay yon timoun bileng, ou dwe konsidere konpetans li nan tou de lang yo, non pa nan yon sèl.
- ▶ Li enpòtan pou imigran ki paran yo pale ak pitit yo nan lang matènèl yo, paske sa ap fè yo gen plis tendans pale avèk yo.

Revizyon syantifik : R. Sabah Meziane, M. P. O., Ph. D., òtofonis ak responsab kou Univesité de Montréal

Rechèch ak redaksyon : Ekip Naître et grandir

Mizajou : Oktòb 2021